



Pou Piblikasyon Imedya: 05/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI DEVLOPMAN LOJMAN A PRI ABÒDAB 21.6 MILYON DOLA POU GRANMOUN AJE YO NAN VIL WEBSTER**

***96 Apatman Dezyèm Faz CDS Housing Azalea Village Complex Rejwenn Premyè Faz la pou pote 146 Nouvo Kay Ottotal pou Kominote a***

***Investisman an ap Konplemante Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse finisman nouvo Dezyèm Faz 96 Apatman nan Azalea Village la, ki se yon devlopman lojman a pri abòdab k ap koute 21.6 milyon dola pou granmoun aje yo nan Vil Webster. Tout lokatè ki nan devlopman CDS Housing Azalea Village la yo ka pwofite de sèvis Sant Tranzisyon Lavi Wolf la (Wolf Life Transitions Center) ki sitiye bò kote l la, ki ofri opòtinite lwazi, fòmasyon, anplwa ak volontarya, ak yon pisin terapetik alenteryè.

“Bon jan kalite lojman nan yon pri abòdab enpòtan anpil pou sante ak byennèt chak Nouyòkè, espesyalman granmoun aje nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo devlopman sa a pral non sèlman ofri yon kominote dinamik ak solidè, li pral sèvi tou kòm yon investisman entèlijan n ap fè nan zòn lan pou vanse ekonomi lokal ak rejyon Finger Lakes la vè lavan.”

“Investisman n ap fè nan lojman abòdab yo se yon eleman esansyèl nan plan nou genyen pou nou ranfòse rezo sekirite sosyal la toupatou atravè New York”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Gras a angajman resous san presedan sa a, plis granmoun aje nan Rejyon Finger Lakes la pral gen aksè a bon jan kalite opsyon lojman.”

96 nouvo apatman sa yo divize an de bilding idantik ki gen de etaj epi ki gen elevatè. Lokatè ki elijib yo se granmoun aje ki gen 55 an oswa plis yo, epi yo rezève 16 nan apatman yo pou granmoun aje frajil yo. Anplis de pwogram Sant Tranzisyon Lavi Wolf la, ki se yon sant a plizyè izaj, enstalasyon pwòje a gen ladan lè klimatize santral Energy Star, lav-vesèl, yon laboratwa enfòmasyon, ak espas jaden anplennè. Lwaye yo soti 385 dola rive 954 dola lemwa epi pri yo enkli sèvis piblik yo. Apatman yo a nan yon pri abòdab pou fwaye ki gen nivo revni miks yo, soti nan 30 pousan rive jiska 80 pousan revni mwayen zòn lan.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR), te deklare,** “Dezyèm Faz Azalea Village la pote bon jan kalite kay touprè sant vil la ansanm ak bon jan opòtinite lwazi, volontarya, ak fòmasyon anplwa yo. Tout devlopman Azalea Village la nèt, ak moun k ap viv ladan li yo, ap kontribiyè nouvel enèji nan kominote Webster a epi ede lanse ekonomi rejyon Finger Lakes la vè lavan”.

**Kontwolè Jeneral Finans Eta New York la, Thomas P. DiNapoli, te deklare,** “Nou kontan anpil pou nou fè patenarya ak Community Preservation Corporation (CPC) a pou nou investi nan lojman abòdab pou granmoun aje yo nan Vil Webster. Antanke yon administratè nan fon pansyon eta a, se yon priyorite pou mwen pou nou sekirize investisman solid pou plis pase yon milyon manm ki gen nan sistèm retrèt nou an yo”.

**Senatè Eta, Pamela Helming, te deklare,** “Lojman sekirite, ki nan pri abòdab ak opòtinite lwazi siyifikativ enpòtan anpil pou siskè kominote nou an ak vwazen nou yo. Dezyèm Faz Azalea Village la satisfè bezwen sa yo pandan l ap bay granmoun aje nou yo yon kalite lavi amelyore nan yon anviwònman konfòtab, an tout sekirite. Espas adisyonèl pou granmoun aje ki bezwen plis swen ak atansyon yo pral ofri bon jan sipò pou sila ki mande asistans espesyal yo. Investisman sa a HCR a ap fè a enpòtan epi se yon investisman pwometè pou Vil Webster a paske l ap pèmèt CDS Housing agrandi opòtinite lojman ak lwazi yo pou granmoun aje lokal yo. Mwen atann pou m kontinye travay ak HCR, Vil Webster ak CDS Housing onon rejyon nou an”.

**Manm Asanble Mark C. Johns, te deklare,** “Pa gen yon preyokeyasyon ki pi enkyetan pase asire moun gen kote pou yo rete, epi mwen kontan anpil paske kounye a granmoun aje nan Webster yo pral gen yon lòt opsyon nan nouvo devlopman apatman Azalea Village la ki sitiye sou Hard Road la. Pandan lavi ap vin deplizanpli pi chè nan eta nou an, mwen konnen plis moun pral pran desizyon pou yo redwi gwo kay yo, epi mwen kontan anpil paske nou kapab ofri yo opsyon lojman nan yon pri abòdab pou ede granmoun aje yo rete tou pre fanmi yo ak kominote kote yo rete a”.

**Egzekitif Konte Monroe a Cheryl Dinolfo te di,** “Seremoni inogirasyon koupe riban jodi a make finisman dezyèm faz pwojè Azalea Village la epi l ap ofri granmoun aje lokal yo bon jan kalite lojman, nan pri abòdab. Konte Monroe fyè pou nou sipòte pwojè sa a epi nou fyè de CDS Housing paske nou ap sipòte fanmi ki pi solid ak kominote ki pi solid atravè investisman sible n ap fè nan ekonomi ak mendèv lokal nou an”.

**Sipèvizè Minisipal Webster a, Ron Nesbitt te deklare,** “Felisitasyon a CDS pou agrandisman kanpis li a epi pakse yo kontinye ofri sèvis bay kominote Webster a”.

**Sankar Sewnauth, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral CDS Life Transitions, manman sosyete CDS Housing te deklare,** “Azalea Village vo plis pase lojman, se yon kay ak yon opòtinite pou moun kominote sa a ki plis bezwen l ak plis merite l yo. Vizyon ak jerans entegre nou nan CDS Housing ofri kèk manm ki pi vilnerab nan kominote yo nan Webster, opòtinite lavi ak otonomizasyon pou yo viv yon vi epanouyi ak endepandan. Rezidan nouvo kominote sa a yo pral gen endepandans y ap chache a, ak sipò, aksè ak lapè nan tèt yo merite”.

**Miriam Zinter, ki se yon Ajan Ipotekè nan CPC te deklare,** “Popilasyon granmoun aje nou an se youn nan popilasyon ki an kwasans pi rapid, men tou se youn nan popilasyon ki pi vilnerab. Pou granmoun aje ki gen revni fèb k ap viv sou yon revni fiks yo, lajan lwaye ak lòt depans lavi k ap monte deplizanpli pi chè yo, ka kreye vrè difikilte pou yo. Apatman Azalea Village la yo pral ofri granmoun aje kominote nou an yo lojman sekirite, nan yon pri abòdab kote yo pral gen aksè a sèvis ki pral pèmèt yo viv ak diyite. Mwen remèsye CDS Monarch pou patenarya ak bon travay yo ap fè yo, Komisè Visnauskas ak lòt ekip nan HCR yo, ak Kontwolè DiNapoli ak Fon Retrèt Komen Eta New York la (New York State Common Retirement Fund)”.

**Ann Marie Cook, Prezidan ak Direktris Egzekitiv Jeneral Lifespan lan te deklare,** “Chak jou ki pase Lifespan resevwa apèl granmoun aje k ap chache lojman nan pri abòdab pou yo ka rete nan kominote yo. An fèt, se premye preyokipasyon ki fè moun rele nou. CDS Housing kontinye rete yon lidè nan devlopman lojman sekiritè, nan pri abòdab epi ki enkliziv pou fanmi yo ka kontinye konplètman patisipe nan tout aspè lavi kominotè a yo. Kominote lojman entegre sa yo se kote ki gen enklizyon, kote moun ki gen tout nivo kapasite ka viv ak swiv mòd vi rèv yo kòm reyalite yo merite”.

Investisman Eta a ap fè nan Azalea Village la ap konpleman inisyativ Finger Lakes Forward la lè li ogmante aksè a bon jan kalite lojman nan pri abòdab pou ede rezidan yo rete nan kominote yo epi viv nan fason endepandan. Depi 2011, HCR te deja investi 442 milyon dola nan Rejyon Finger Lakes la ki te kreye lojman ki nan yon pri abòdab pou anviwon 14,650 rezidan.

Finansman HCR bay Dezyèm Faz Azalea Village la gen ladan sibvansyon federal ak Kredi Taks eta pou Lojman a Revni Fèb (Low Income Housing Tax Credits) ki te jenere 13.3 milyon dola nan valè rezidyèl ak 3.8 milyon dola adisyonèl nan sibvansyon. Community Preservation Corporation a pral ofri yon prè pèmanan 2.9 milyon dola SONYMA garanti yo ap finanse atravè patenarya konpayi a genyen ak Fon Retrèt Komen Eta New York la. Federal Home Loan Bank lan te bay 960,000 dola. Finansman adisyonèl yo gen ladan fon Monroe County HOME, Wolf Foundation ak NYSERDA.

HCR te investi 8.5 milyon dola nan Premyè Faz Azalea Village la, ke yo te fini an 2015 epi tout apatman yo gen moun ladan yo.

### **Akselerasyon pwogram “Finger Lakes Forward”**

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te investi deja plis pase 6.1 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)